



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair

Monica Colucci, Vice Chair

Roberto J. Alonso

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Danny Espino

Dr. Steve Gallon III

Joseph S. Geller

Luisa Santos

dat: August 18, 2025

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a, lekòl nou an pral resevwa finansman federal espesyal, ki pral itilize anplis finansman regilye leta ak lokal nou yo, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout elèv nan lekòl nou an. Finansman federal sa a pral pèmèt lekòl nou an aplike Pwogram Tit I pou tout lekòl la..

Pwogram Tit I Lekòl la bay ansèyman siplemantè nan domèn Lang ak Literati/Lekti, Matematik, Syans, ak/oswa Syans Sosyal pou elèv nou yo, dapre objektif ansèyman ki etabli nan Pwosesis Amelyorasyon Lekòl nou an (SIP). An jeneral, finansman federal sa a ka itilize pou bay yon seri sèvis enpòtan tankou anplwaye ansèyman siplemantè, materyèl ansèyman, ak/oswa ekipman; kapasite pou sipòte salklas regilye a ak ansèyman asistè pa òdinatè; fòmasyon espesyal pou paran ak/oswa anplwaye yo; aktivite motivasyonèl/ki gen anpil enterè adisyonèl; sèvis konplè pou elèv nou yo; ak sèvis edikasyonèl diskresyonè ke Distri a bay.

Nou ankouraje w pou w patisipe aktivman nan planifikasyon ak aplikasyon Pwogram Tit I Lekòl la nan lekòl nou an. Chak lekòl k ap aplike pwogram sa a dwe devlope ansanm ak paran yo Plan Angajman Paran ak Fanmi (PFEP) nan nivo Lekòl Tit I a ak Konpak Lekòl-Paran Tit I a. Nou envite w patisipe nan Reyinyon Anyèl Paran nou an sou Benefis Pwogram Tit I Lekòl la, kote nou pral revize epi mete dokiman sa yo ajou. Pandan reyinyon an, nou pral pataje enfòmasyon tou konsènan lòt opòtinite pou w patisipe nan lekòl la ak nan siksè akademik pitit ou a.patisipe nan lekòl la ak nan siksè akademik nan pitit ou a.

Nou anvi travay ansanm sou devlopman/evalyasyon anyèl PFEP lekòl la nan nivo lekòl Tit I a, Akò Lekòl-Paran Tit I a epi revize yo jan sa nesèsè. Yon fwa yo fini, nou pral mete dokiman sa yo disponib nan Sant/Zòn Resous Paran lekòl la, Biwo Prensipal la, ak atravè sit entènèt lekòl nou an. Dokiman sa yo pral mete ajou regilyèman pou asire yo reflekte bezwen espesifik elèv nou yo. Lòt enfòmasyon konsènan Reyinyon Anyèl Paran yo sou Benefis Pwogram Tit I Lekòl la pral bay sou sit entènèt lekòl la..

Tanpri konnen ekip administratif nou an, anplwaye lekòl nou an, ak Espesyalis Patisipasyon Kominotè a (CIS), se resous ou yo pou resevwa dènye nouvèl konsènan Lwa Chak Elèv Reyisi (ESSA). Anplis de sa, yo kapab ede w jwenn enfòmasyon "Dwa Paran yo pou Konnen" konsènan nivo reyisit pitit ou a nan chak evalyasyon akademik Leta yo; kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak/oswa parapwofesyonèl pitit ou a, si pitit ou a te resevwa edikasyon pandan kat semèn konsekitif oswa plis nan men yon pwofesè ki pa satisfè egzijans sètifikasyon Leta yo; done pèfòmans lekòl la; Pwosedi Konsiltasyon ak Plent Distri Lekòl la; aksè a PFEP nivo Distri Tit I a, PFEP nivo Lekòl Tit I a, SIP a, ak Konpak Lekòl-Paran Tit I a.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ansèyman pitit ou a ap resevwa nan lekòl nou an oswa konsènan Pwogram Tit I Lekòl la, tanpri kontakte mwen nan 305-238-3688.

Sensèman,

Elianeys Basulto
Direktè

*Perla Tabares Hantman School Board Administration Building
1450 N.E. 2nd Avenue • Miami, Florida 33132
305-995-1000 • www.dadeschools.net*